# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्र आजु आपन अट्ठहतरवां स्वतंत्रा दिवस मना रहल हवें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह मौका पर आजु भिन्नही नई दिल्ली में लाल किला के प्राचीर से राष्ट्रीय ध्वज फहरवलें अउर राष्ट्र के संबोधित कइलें। ध्वजारोहण से पहिले प्रधानमंत्री राजघाट गइले अउर महात्मा गांधी के फूल चढ़वलें।

प्रधानमंत्री अपने संबोधन में ओह जवानन के बलिदान के याद कइलें जे देस क सुरक्षा खातिर आपन प्राण न्योछावर कई दिहले रहलें। उहां के कहलें कि आजु सुभ घड़ी हौ, जब हम देस के आजादी बदे मर मिटे वालन अउर आपन जिनगी समरपित करे वाले आजादी के दिवानों के नमन कई रहल हईं। प्रधानमंत्री कहलें कि देसवासी बरिस दुइ हजार सैंतालिस ले देस के विकसित बनावे खातिर अनगिनत सुझाव दिहले हवें। येह में भारत क आपन अंतरिक्ष स्टेसन बनावल, पारंपरिक औषधि अउर स्वास्थ्य कल्याण के क्षेत्र में विकसित देस बनले, देस के जल्दी से जल्दी दुनिया क तीसरका सबसे बड़हन अर्थव्यवस्था बनवले क सुझाव सामिल हवें।

उहां के कहलीं कि जो त एक सौ चालीस करोड़ देसवासी संकल्प लेके एक दिसा में चलि पड़िहें त तमाम चुनौतियन के बावजूदों हम समृद्ध भारत बना सकेलीं। बरिस दुइ हजार सैंतालिस ले भारत के विकसित बना सकेलीं।

प्रधानमंत्री येह बरिस आपदा के नाते अपने परिजन के खो देवे वालन के प्रति संवेदना जतावत कहलें कि देस उनकरे साथे खड़ा हौ। प्रधानमंत्री कहलें कि हमें सिक्षा के क्षेत्र में सदियन पुरान नालंदा भावना के जगावे के होई अउर ज्ञान के परमपरा के आगे बढ़ावे के होई। नया सिक्षा नीति दुइ हजार बीस में भासा के नाते प्रतिभा बदे कउनों बाधा न आवे एकर कोसिस कइल गइल हवें। ऐह नीति के हिसाब से हर गरीब क सपना पूरा हो सकी। श्री मोदी कहलें कि चिकित्सा सिक्षा पर हमरे देस क युवा विदेसन में जा रहल हवें। उनकरे सिक्षा खातिर लाखों रूपिया खरच हो जाला। इनकरे सुविधा बदे हम एक लाख मेडिकल सीट बड़वले हई अउर अगिला पांच बरिस में मेडिकल लाईन में पचहत्तर हजार नया सीट तइयार कइल जाइ।

प्रधानमंत्री कहलें कि मेहरारू पर अत्याचार के नाते देस में बहुते गुस्सा हवे। मेहरारू के साथे अपराधन क जल्दी से जल्दी जांचि अउर दोसियन के जल्दी सजा होखे के चाहीं । प्रधानमंत्री कहले कि बंग्लादेस के घटना पर पड़ोसी देस के नाते भारत क चिंतित भइल स्वाभाविक हौ। भारत ओहां हिन्दूअन क सुरक्षा सुनिश्चित करे चाहेला। सरकार बंग्लादेस के विकास यात्रा में सहभागी बनल रहीं।

**********

प्रदेस भर में स्वतंत्रता दिवस पर कई गो कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नही अपने सरकारी आवास पांच कालीदास मार्ग पर ध्वजारोहण कइलें। एकरे बादे विधानभवन के गेट नम्बर एक पर भी मुख्यमंत्री ध्वजारोहण कइलें। ऐह दौरान हेलीकॉप्टर से फूल बरसावल गइल। ऐह मौका पर मुख्यमंत्री सहीदन के परिजनन के सम्मानित कइलें।

समारोह के संबोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, मुख्यमंत्री युवा उद्यमी योजना क खास तौर से चर्चा कइलें अउर कहलें कि एकरे तहत दस लाख नवजवानन के रोजगार मिली। पचास लाख युवा लोगिन के रोजगार के नया सृजन के गति मिली।

उहां के कहलीं कि एक मंडल एक विश्वविद्यालय क संकल्पना साकार हो रहल हौ। अब हम एक जनपद एक विश्वविद्यालय की ओरि बढ़ रहल हईं। लखनऊ में अटल बिहारी चिकित्सा विश्वविद्यालय बनि के तइयार हवे। मेरठ मे प्रदेस क पहिला खेल विश्वविद्यालय बनि रहल हौ।

प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में प्रदेस सरकार के मंत्रियन, प्रसासनिक अधिकरियन अउर जन प्रतिनिधी ध्वजारोहण कार्यक्रम अउर स्वतंत्रता दिवस से जुड़ल कई गो सांस्कृतिक कार्यक्रमन में हिस्सा लिहलें।

**********

हर घर तिरंगा अभियान अट्हतरवां स्वतंत्रता दिवस पर भी जारी रहल। ऐही क्रम में अजोध्या जिला मे सिद्धपीठ हनुमान गढ़ी से साधु संतन क टोली देस भक्ति के समर्पित तिरंगा जतरा निकरलस ओहीं प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य बनारस में आयोजित विसाल तिरंगा यात्रा में हिस्सा लिहलें। उहां के लोगिन से देस के एकता अउर अखण्डता बनावे रखले क अपील कइलीं।

**********

प्रसार भारती मीडिया संगठनन के सामग्री उपलब्ध करवले के उद्देश्य से पी.बी.शब्द सेवा सुरू कइले हवे। मीडिया संगठन मार्च दुइ हजार पच्चीस ले एकर उपयोग मुफ्त कइ सकिहें। एकरे बदे इच्छुक संगठन शब्द डॉट प्रसार भारती डॉट ओआरजी आबलिक रजिस्टर लिंक पर क्लिक कई के पंजीकरण करा सकेलें पी.बी.शब्द क उद्देश्य मीडिया संगठनन के देस के प्रमुख भासा में देसभर के ताजातरीन खबर उपलब्ध कराना हौ। येह में वीडियो ऑडियो, टेक्स्ट अउर फोटो सामिल हौ।

**********

राष्ट्रपति द्रौपरी मुर्मू काल्हि राष्ट्रपति भवन में अमृत उद्यान क उदघाटन कइलिनि। आम जनता बदे एक्के सुक्क से खोलल जाई अउर लोगि पनरह सितंबर ले अमृत उद्यान क भ्रमण कइ सकिहें।

**********

विश्व स्वास्थ्य संगठन एमपॉक्स के लगतारे दूसरका सालि वैश्विक स्वास्थ्य आपदा घोसित कइले हवे। ऐह वायरल संक्रमण क सुराआत अफ्रीकी देस कांगो से भइल रहल। ई संक्रमित मनई के संपर्क में अइले से फइलेला।

**********